



# Division of Licensing Services

New York State  
Department of State  
Division of Licensing Services  
Appearance Enhancement  
P.O. BOX 22049  
Albany, NY 12201-2049  
Sèvis Kliyantèl: (518) 474-4429  
www.dos.ny.gov

## Aplikasyon pou Biznis Amelyorasyon Aparans oswa pou Lokatè Espas

*Pou yon pwosesis ki pi vit ak pi fasil, Divizyon Sèvis Livrezon Lisans (Division of Licensing Services) ankouraje moun k ap aplike yo pou yo aplike sou entènèt. Si ou itilize sèvis yo sou entènèt sa ap ba ou yon dèlè repons pi rapid sou aplikasyon ou ak dènve enfòmasyon yo, epitou sa ap pèmèt ou wè dosye lisans ou ak gen aksè ladan pandan tout pwosesis lisans lan.*

*Ale sou sitwèb nou nan: [www.dos.ny.gov](http://www.dos.ny.gov)*

*Tanpri gade seksyon enstriksyon sa yo sou entènèt pou jwenn plis enfòmasyon.*

*Li enstriksyon yo avèk anpil atansyon anvan ou ranpli fòm aplikasyon an. Ou dwe ranpli tout espas yo. N ap retounen aplikasyon ki pa fin ranpli yo, epitou sa ap mete reta nan livrezon lisans ou. Si ou pa mete yon enfòmasyon, si ou mete enfòmasyon ki pa gen prezizyon oswa si ou pa bay tout enfòmasyon yo nan yon aplikasyon oswa si ou pa bay tout dokiman sipò, nou ka gen rezon ki ase pou ba ou refi pou yon lisans, oswa, si nou ba ou yon lisans, nou kapab sispann li oswa anile li.*

### Kisa yon Biznis "Amelyorasyon Aparans" ye?

Yon Biznis Amelyorasyon Aparans se yon biznis ki bay nenpòt oswa tout sèvis ki lisansye anba Atik 27 Lwa Jeneral sou Biznis (General Business Law) (Kosmetoloji, Estetik, Espesyalite pou Zong, Estil oswa Listray Cheve Natirèl). Ou dwe resevwa yon lisans pou posede, kontwòle oswa opere yon Biznis Amelyorasyon Aparans nan Eta New York. Sa obligatwa kèlkeswa si ou se yon antrepriz endividyèl, patnè, aksyonè, ofisye oswa antreprenè endepandan (Lokatè Espas). Gade tablo ki nan paj 4 la.

Yon lisans Biznis Amelyorasyon Aparans pa pèmèt ou bay sèvis kliyantèl. Chak moun k ap bay sèvis la dwe resevwa yon lisans Depatman-Deta nan pratik l ap fè a. Answit, lè ou se yon Biznis Amelyorasyon Aparans ki gen lisans, ou pa kapab pèmèt pratik Koup Cheve pou Gason nan lokal biznis ou san ou pa jwenn yon lisans Salon Kwafi anvan (Atik 28 Lwa Jeneral sou Biznis). Ou dwe Kwafè Apranti yo dwe jwenn sipò yon Kwafè prensipal lisansye (pa yon Estilis Cheve Natirèl) epitou yon Biznis Amelyorasyon Aparans pa kapab anplwaye yo.

### Kisa yon "Lokatè Espas" ye?

Yon Lokatè Espas se yon operatè lisansye ki travay nan yon Biznis Amelyorasyon Aparans men ki p ap travay pou pwopriyete a. Si ou

se yon Lokatè Espas, ou se yon antreprenè endepandan epi ou dwe jwenn yon lisans Lokatè Espas anplis lisans operatè ou. Yon lisans Lokatè Espas sèlman pa pèmèt ou bay sèvis kliyantèl.

### Ki kondisyon jeneral ki genyen pou lisans Biznis Amelyorasyon Aparans ak lisans Lokatè Espas?

Moun ki aplike pou Biznis Amelyorasyon Aparans ak Lokatè Espas dwe:

- gen omwen laj 18 zan;
- konfòme yo avèk tout lwa, règ, règleman ak kòd federal, leta ak lokal, tankou Lwa Anfavè Ameriken Andikape (Americans with Disabilities Act); epi
- opere biznis lan oswa lwe nan lokal ki endike nan lisans lan.

Yon **Biznis Amelyorasyon Aparans ak Lokatè Espas** dwe konsève yon asirans kosyon; kontra asirans pou aksidan ak responsablite pwofesyonèl, yo chak pou omwen \$25,000 dola pou chak evènman apa ak \$75,000 dola nan limit total; **oswa** yon kontra asirans pou responsablite jeneral nan kantite lajan sa yo. **Ou dwe soumèt prèv kondisyon sa a nan moman aplikasyon ou.** Answit, ou dwe mete prèv la nan lokal biznis lan.

Yon **Biznis Amelyorasyon Aparans** dwe konsève yon Depo Sekirite pou Salè Anplwaye jan sa dekri anba la a.

Salè ou dwe travayè yo legalman ak lòt founisè sèvis zong:

- Omwen \$25,000 dola si ou anplwaye ekivalan de (2) a senk (5) moun atanplen ki bay sèvis espesyalite zong
- Omwen \$40,000 dola si ou anplwaye ekivalan sis (6) a dis (10) moun atanplen ki bay sèvis espesyalite zong
- Omwen \$75,000 dola si ou anplwaye ekivalan 11 a 25 moun atanplen ki bay sèvis espesyalite zong
- Omwen \$125,000 dola si ou anplwaye ekivalan 26 moun oswa plis atanplen ki bay sèvis espesyalite zong.

Ou ka jwenn pwoteksyon asirans pou responsablite depi ou achte yon obligasyon anfavè moun Eta New York; asirans pou aksidan ak responsablite pwofesyonèl oswa pou responsablite jeneral; oswa yon melanj chwa anvan yo depi ou satisfè kantite lajan pwoteksyon asirans yo. **Ou dwe bay prèv kondisyon sa a nan moman aplikasyon ou.** Answit, ou dwe mete prèv la nan lokal biznis lan.

# Aplikasyon pou Biznis Amelyorasyon Aparans oswa pou Lokatè Espas

## Kisa mwen ta dwe fè si mwen fèmen biznis mwen?

Ou ta dwe fè depatman sa a konnen ou fèmen biznis ou. Ou ka fèmen yon Biznis Amelyorasyon Aparans depi ou telechaje Fòm Fèmti Biznis (DOS-1960) sou sitwèb nou epi ou voye fòm ou ranpli a pa lapòs nan biwo nou. Pa gen frè pou peye pou fè konnen ou fèmen biznis ou.

Lè yon biznis fèmen sa ap anile tout lisans Lokatè Espas ki asosye avèk li; nenpòt Lokatè Espas ki asosye avèk biznis ki fèmen an dwe aplike pou yon nouvo lisans Lokatè Espas ki dwe asosye avèk yon nouvo biznis.

Ou ka soumèt demann sa a sou entènèt tou. Gade seksyon an sou entènèt pou jwenn enstwiksyon detaye.

## Kisa pou mwen fè so biznis mwen lwe a fèmen?

Lè Biznis Amelyorasyon Aparans kote ou lwe a fèmen sa ap anile lisans Lokatè Espas ou. Ou dwe aplike pou yon nouvo lisans Lokatè Espas ki dwe asosye avèk yon nouvo biznis.

Ou ka soumèt demann sa a sou entènèt tou.

## Pou kisa mwen bezwen bay yon adrès imèl sou aplikasyon sou papye a?

N ap itilize adrès imèl ou pou kreye kont Sant Livrezon Lisans Eta New York ou. N ap voye pifò kominikasyon yo ba ou nan imèl. Si ou chanje adrès imèl ou pidevan, w ap bezwen konekte nan kont ou pou chanje li avèk nouvo adrès imèl yo.

## Ki frè pou mwen peye, epi ki kondisyon pou mwen resevwa lisans lan?

Ou dwe soumèt yon frè \$60 dola non-ranbousab ansanm avèk aplikasyon an. Nou bay lisans yo pou dire katran okonplè, epi lisans yo ekspire otomatikman katran apre dat yo anvigè.

## Ki fòm peman ou aksepte?

Ou ka peye avèk chèk oswa chèk postal (money order) ki ekri sou non Department of State. Ou ka peye avèk American Express, MasterCard oswa Visa, avèk yon fòm otorizasyon pou kat kredi lè ou aplike sou entènèt. Pa voye lajan kach. **Nou pa ranbouse frè aplikasyon an.** W ap gen pou peye yon frè \$20 dola pou nenpòt chèk bank ou retounen.

## Rapò konsènan Sipò Timoun

Yon Rapò konsènan Sipò Timoun obligatwa nan Eta New York (Lwa sou Obligasyon Jeneral) kit ou gen pitit kit ou pa genyen, oswa kit ou gen nenpòt obligasyon pou peye sipò kit ou pa genyen. **Si yon moun dwe kat (4) mwa oswa plis mwa nan aryere peman nan sipò timoun, nou ka sispann lisans biznis, lisans pwofesyonèl ak lisans chofè moun sa a.** Si ou fè espere pou bay yon fo deklarasyon alekri pou twonpe oswa dekouraje egzekisyon legal obligasyon pou peye sipò, ou ka tonbe anba pinisyon dapre §175.35 Lwa Penal. Si ou bay yon fo dokiman pou mete nan dosye ou nan yon ajans gouvènman leta oswa lokal avèk entansyon pou fè fwod, ou fè yon krim klas E.

## Enfòmasyon sou Sèvis sou Entènèt:

**Pou yon pwosesis ki pi vit ak pi fasil, Divizyon Sèvis Livrezon Lisans (Division of Licensing Services) ankouraje moun k ap aplike yo pou yo aplike sou entènèt. Si ou itilize sèvis yo sou entènèt sa ap ba ou yon dèle repons pi rapid sou aplikasyon ou ak dènye enfòmasyon yo, epitou sa ap pèmèt ou wè dosye lisans ou ak gen aksè ladan pandan tout pwosesis lisans lan.**

Pou jwenn plis enstriksyon konplè ak lòt enfòmasyon sou entènèt, gade FAQ (Kesyon Moun Poze Souvan) sou sitwèb <http://www.dos.ny.gov/licensing/lc-faq.html>

## Ki tranzaksyon ak enfòmasyon ki disponib sou entènèt?

- Ranpli yon premye aplikasyon
- Tcheke kondisyon yon aplikasyon
- Renouvle lisans ou
- Pran randevou pou fè yon egzamen epi wè rezilta yo
- Tcheke kondisyon yon lisans
- Fè chanjman nan enfòmasyon sou lisans
- Mande diplikata yon lisans

## Kijan pou mwen anrejistre pou yon kont nan Sant Livrezon Lisans Eta New York [NYS License Center (NYSLC)]?

Pou anrejistre pou yon kont nan Sant Livrezon Lisans Eta New York [NYS License Center (NYSLC)], ou dwe anrejistre avèk My NY.gov. Si ou pa anrejistre pou moman an nan My NY.gov, sou sitwèb nou <http://www.dos.ny.gov/licensing/licensecenter.html> Klike sou DOS

Lyen 'Create my Account', sa ap mennen ou nan sitwèb anrejistreman My NY.gov; chwazi 'I need a NY.Gov ID' (Mwen bezwen yon ID NY.Gov) epi swiv anrejistreman an pou My NY.gov. Lè ou anrejistre nan My NY.Gov, chwazi NYS License Center nan chwa ki disponib yo pou ou sou My NY.gov. Nan NYS License Center, klike sou lyen 'Account Management' (Jesyon Kont) ki nan kwen dwat anlè a. Ranpli espas ki obligatwa yo epi done sa a yo ap parèt sou tout nouvo aplikasyon ou kreye avèk kont ou. Lè ou fini ak sovgade done sa yo, klike sou onglè 'Home' pou kontinye.

## Kisa pou mwen fè si mwen gen yon Kont My NY.gov deja?

Si ou anrejistre deja avèk My NY.gov, ale nan My NY.gov epi konekte ladan, answit fè chwa Sant Livrezon Lisans Eta New York pami chwa ki disponib pou ou yo nan My NY.gov. Sa ap kreye Kont NYS License Center ou. Nan Sant Livrezon Lisans Eta New York, klike sou lyen 'Account Management' ki nan kwen anlè adwat. Ranpli espas ki obligatwa yo epi done sa a yo ap parèt sou tout nouvo aplikasyon ou kreye avèk kont ou. Lè ou fini ak sovgade done sa yo, klike sou onglè 'Home' pou kontinye.

# Aplikasyon pou Biznis Amelyorasyon Aparans oswa pou Lokatè Espas

## Kijan pou mwen aplike pou yon lisans nan Sant Livrezon Lisans Eta New York?

Pou aplike pou yon lisans nan Sant Livrezon Lisans Eta New York, ou dwe kreye yon kont oswa ou dwe konekte nan yon kont ou genyen deja. Swiv etap sa yo pou aplike pou lisans ou sou entènèt:

- Eskri pou yon Kont oswa Konekte nan kont ou (gade seksyon “Kijan pou mwen enskri pou yon kont nan Sant Lisans Eta New York [NYS License Center (NYSLC)]” ki endike anwo a)
- Lè ou konekte nan Sant Livrezon Lisans Eta New York, nan onglè ‘Home’, chwazi ‘Apply now for a new license or permit’ (Aplike kounye a pou yon nouvo lisans oswa pèmi)
- Swiv enstriksyon yo ba ou sou entènèt pou aplikasyon an
- Chaje nenpòt dokiman sipò
- Fè peman an epi enprime paj konfimasyon a

W ap kapab konekte nan kont ou epitou w ap kapab wè kondisyon aplikasyon ou.

## Kijan pou mwen kreye yon lisans siplemantè sou entènèt?

Pou aplike pou yon lisans siplemantè, konekte nan konte ou epi klike sou onglè ‘Manage My Licenses’, epi answit chwazi lyen ‘Apply now! For a New License or Permit’. Li epi aksepte modalite ak kondisyon yo, epitou sistèm nan ap gide ou ladan.

## Kijan pou mwen renouvle yon lisans sou entènèt?

Si ou gen yon kont Sant Livrezon Lisans Eta New York deja, twa (3) mwa anvan lisans ou dwe ekspire w ap resevwa yon avi pou renouvle lisans ou nan imèl. Imèl la ap gen ladan yon lyen pou mennen ou nan kont ou. Klike sou lyen an epi ranpli aplikasyon pou renouvèlman an. Si ou pa gen yon kont Sant Livrezon Lisans Eta New York deja, w ap resevwa yon avi pou renouvle lisans ou nan imèl twa (3) mwa anvan lisans ou dwe ekspire. Avi sa a ap gen ladan enstriksyon pou kreye yon kont sou Sant Livrezon Lisans Eta New York.

## Kisa ID Itilizatè mwen pou sistèm sou entènèt la?

Lè ou kreye kont ou sou My NY.Gov, w ap kreye yon ID itilizatè inik epitou w ap itilize adrès imèl ou. Answit, w ap kapab gen aksès nan kont ou avèk ID itilizatè a.

## Kijan pou mwen fè chanjman nan enfòmasyon mwen yo sou entènèt?

Gen de (2) kote ou gen obligasyon pou fè chanjman nan enfòmasyon sou kont sou entènèt. Ou bezwen fè chanjman nan enfòmasyon yon nan My NY.gov ak nan kont Sant Livrezon Lisans Eta New York ou. Nan My NY.gov, gade FAQ yo (Kesyon Moun Poze Souvan) pou jwenn enfòmasyon sou fason pou jere kont ou.

Konekte nan kont Sant Livrezon Lisans Eta New York ou, nan ranje anlè a w ap wè yon lyen ki gen tit ‘Manage My Licenses’. Pandan ou ladan, w ap kapab fè chanjman nan enfòmasyon sou kont ou depi ou fè yon modifikasyon pou chanje enfòmasyon kontak ou.

## Kijan ou ranpli Otantifikasyon Pwopriyete Biznis sou entènèt?

Si pwopriyete biznis a gen yon kont sou entènèt avèk Sant Livrezon

Lisans Eta New York (NYS License Center), l ap resevwa yon imèl k ap gen enstriksyon pou li ranpli otantifikasyon an sou entènèt. Si pwopriyete biznis a pa gen yon kont sou entènèt, moun ki aplike pou Lokatè Espas la ap resevwa enstwiksyon pou li telechaje sètifika otantifikasyon pwopriyete biznis a.

## Kijan pou mwen fèmen biznis mwen sou entènèt?

- Pou fèmen biznis ou sou entènèt, ou dwe konekte nan kont ou anvan
- Klike sou onglè ‘Manage My Licenses’ (Jere Lisans Mwen yo)
- Lis lisans ou yo ap parèt, klike sou biznis ou vle fèmen an epi klike sou lyen ‘Amendment’ (Modifikasyon)
- Chwazi ‘Close Business Amendment’ (Modifikasyon pou Fèmen Biznis)
- Ranpli aplikasyon an selon enstwiksyon yo
- W ap resevwa yon imèl k ap konfime fèmti biznis ou

## **AVI SOU KONFIDANSYALITE ENFÒMASYON PRIVE**

### Èske mwen dwe bay nimewo Sekirite Sosyal mwen ak nimewo ID Federal mwen sou aplikasyon an?

Wi, si ou gen yon nimewo sekirite sosyal oswa yon nimewo ID federal, ou gen obligasyon pou bay nimewo sa a. Si ou pa gen yon nimewo sekirite sosyal oswa yon nimewo ID federal, tanpri bay yon eksplikasyon alekri.

Depatman-Deta gen obligasyon pou pran nimewo federal Sekirite Sosyal ak nimewo federal Idantifikasyon Patwon tout moun ki gen lisans yo. Nou jwenn otorizasyon pou mande epi konsève enfòmasyon pèsònèl sa yo nan §5 Lwa Fiskal ak §3-503 Lwa sou Obligasyon Jeneral (General Obligations Law). Ou gen obligasyon pou bay enfòmasyon yo. Nou pran enfòmasyon yo pou pèmèt Depatman Taksasyon ak Finans (Department of Taxation and Finance) idantifye moun, biznis ak lòt moun ki anreta nan deklarasyon taks sou revni yo oswa ki te ka pa estime obligasyon fiskal yo ase epi anjeneral pou idantifye moun taks afekte ki anba kontwòl Manm Komisyon Taksasyon ak Finans. N ap itilize enfòmasyon yo pou administrasyon taks ak pou nenpòt lòt objektif ki otorize anba Lwa Fiskal (Tax Law), epitou ajans egzekisyon sipò timoun oswa reprezantan otorize eta sa a oswa lòt eta ka itilize enfòmasyon yo dapre Tit IV-D Lwa sou Sekirite Sosyal (Social Security Act), pou detèmine, modifye oswa egzekite yon lòd sipò, men enfòmasyon yo p ap disponib pou piblik la. Yon eksplikasyon alekri obligatwa kote ou pa bay nimewo a. Direktè Administrasyon ak Jesyon ap konsève enfòmasyon sa yo nan Sistèm Enfòmasyon Livrezon Lisans nan adrès One Commerce Plaza, 99 Washington Avenue, Albany, NY 12231-0001.

## ÈSKE OU TA RENMEN ENSKRI POU W KA VOTE?

Tanpri ale sou sitwèb Komite Eleksyon Eta New York (NY State Board of Elections) la nan [www.elections.ny.gov/votingregister.html](http://www.elections.ny.gov/votingregister.html)

Oswa rele **1-800-FOR-VOTE** pou mande yon fòm Enskripsyon pou Vote nan Eta New York (NYS Voter Registration form).

Pou enskri sou entènèt la, tanpri ale sou [www.nv.aov/services/register-vote](http://www.nv.aov/services/register-vote).

---

# Aplikasyon pou Biznis Amelyorasyon Aparans oswa pou Lokatè Espas

---

## **Moun ki Aplike pou Biznis Amelyorasyon Aparans**

(§130 Lwa Jeneral sou Biznis eksplike sistèm Eta New York pou bay biznis yo non.)

*Si biznis lan se pou . . .*

### **YON MOUN**

#### **ki pa gen non biznis**

*(Nenpòt non ki pa prenon ou ak non fanmi ou konsidere kòm yon non sipoze — gade anba la a)*

*Answit, ou DWE antre...*

non pèsonèl pwopriyete a nan Enfòmasyon Moun ki Aplike a **ak** Enfòmasyon Biznis lan

---

### **YON MOUN**

#### **ki gen non sipoze**

*(Nan ka sa a, ou dwe depoze non biznis sipoze a nan biwo Grefye Konte a nan konte kote biznis lan ye. Si ou te achte biznis lan pa twò lontan epi ou dwe itilize menm non an, nouvo pwopriyete a dwe depoze yon Sètifika kòm Eyandwa nan biwo Grefye Konte a)*

non pèsonèl pwopriyete a nan Enfòmasyon Moun ki Aplike a **ak** non komèsyal la nan Enfòmasyon Biznis lan

---

### **YON PATENARYA**

*(Nan ka sa a, ou dwe depoze sètifika patenarya komèsyal la nan biwo Grefye Konte a nan konte kote biznis lan ye)*

yon non patnè jeneral nan Enfòmasyon Moun ki Aplike a **ak** non patenarya a nan Enfòmasyon Biznis lan (*moun ki gen non li nan Enfòmasyon Moun ki Aplike a dwe se moun ki siyen aplikasyon an*)

---

### **YON SOSYETE**

*(Nan ka sa a, ou dwe depoze yon sètifika sosyete a nan Divizyon Sosyete Depatman-Deta)*

yon non fonksyonè nan Enfòmasyon Moun ki Aplike a **ak** non sosyete a nan Enfòmasyon Biznis lan (*moun ki gen non li nan Enfòmasyon Moun ki Aplike a dwe se moun ki siyen aplikasyon an*)

---

### **YON SOSYETE**

#### **ki gen yon non sipoze**

*(Nan ka sa a, biznis lan dwe depoze non sipoze a nan Divizyon Sosyete Depatman-Deta)*

yon non fonksyonè nan Enfòmasyon Moun ki Aplike a **ak** non sipoze a nan Enfòmasyon Biznis lan (*moun ki gen non li nan Enfòmasyon Moun ki Aplike a dwe se moun ki siyen aplikasyon an*)

---

### **YON SOSYETE ANONIM**

*(Nan ka sa a, ou dwe depoze atik òganizasyon an nan Divizyon Sosyete Depatman-Deta)*

yon non fonksyonè nan Enfòmasyon Moun ki Aplike a **ak** non sosyete anonim nan sipoze a nan Enfòmasyon Biznis lan (*moun ki gen non li nan Enfòmasyon Moun ki Aplike a dwe se moun ki siyen aplikasyon an*)



# Division of Licensing Services

New York State  
Department of State  
Division of Licensing Services  
Appearance Enhancement  
P.O. BOX 22049  
Albany, NY 12201-2049  
Sèvis Kliyantèl: (518) 474-4429  
[www.dos.ny.gov](http://www.dos.ny.gov)

## Aplikasyon pou Biznis Amelyorasyon Aparans oswa pou Lokatè Espas

Li enstriksyon yo anvan ou ranpli aplikasyon sa a. Ou dwe reponn chak kesyon epitou ou dwe EKRI repons yo an LÈT DETACHE avèk plim.

Mwen aplike pou lisans kòm (KOCHE YON KAZ)       Nouvo Biznis       Lokatè Espas

### Enfòmasyon sou Moun ki Aplike a

Prenon		Non Fanmi		Dezyèm Prenon		Tit	
Adrès Kay (bay nimewo ri ak non ri a)				Suite, Apt., Inite			
Vil		Eta		Kòd Postal + 4 chif		Konte Peyi	
Adrès Postal (bay Bwat Postal la a)							
Vil		Eta		Kòd Postal + 4 chif		Konte Peyi	
Adrès Imèl		Nimewo Sekirite Sosyal			ID Federal Kontribiyab		
Dat Ou Fèt		Telefòn Kay		Telefòn Selilè		Telefòn Biznis	

### Business Information/Enfòmasyon sou Biznis lan

Non Biznis lan							
Adrès Biznis lan (bay nimewo ri ak non ri a)							
Vil		Eta		Kòd Postal + 4 chif		Konte Peyi	
Adrès Postal Biznis lan (bay Bwat Postal ou la a)							
Vil		Eta		Kòd Postal + 4 chif		Konte Peyi	

# Aplikasyon pou Biznis Amelyorasyon Aparans oswa pou Lokatè Espas

## TOUT MOUN KI APLIKE YO (NOUVO BIZNIS AK LOKATÈ ESPAS) DWE REPONN KESYON 1

1. Èske ou gen yon asirans obligasyon oswa yon asirans responsablite, jan lalwa egzije sa?  WI  NON  
➔ omwen \$25,000 dola pou chak evènman apa ak \$75,000 dola nan limit total (ou dwe bay prèv la)

## LOKATÈ ESPAS YO ALE DIRÈKTEMAN NAN KESYON 11

## MOUN KI FÈK APLIKE POU BIZNIS SÈLMAN DWE REPONN KESYON 2-5 AK KI DEKLARASYON (6-10) KI APLIKE

2. Konbyen moun ou anplwaye atanplen ki bay sèvis espesyalite zong? (tanpri koche yon kaz)
- Mwens pase de (2) moun atanplen ki bay sèvis espesyalite zong
  - De (2) a senk (5) moun atanplen ki bay sèvis espesyalite zong
  - Sis (6) a dis (10) moun atanplen ki bay sèvis espesyalite zong
  - 11 a 25 moun atanplen ki bay sèvis espesyalite zong
  - 26 oswa plis moun atanplen ki bay sèvis espesyalite zong
3. Dapre kantite moun atanplen ki endike anwo a epi k ap bay sèvis espesyalite zong nan biznis ou, èske ou gen kantite lajan asirans responsablite oswa Depo Sekirite pou Salè jan lalwa egzije sa? (ou dwe bay prèv la)  WI  NON

4. Ki kalite espesyalite lisansye ou bay nan biznis ou?
- Kosmetoloji (Estil nan cheve ak koup cheve, pwodui chimik, kolorasyon, elatriye)
  - Estetik
  - Zong
  - Estil nan Cheve Natirèl
  - Listraj

5. Kilès nan espesyalite ki endike anba la yo ki reprezante plis pase 50% sèvis biznis ou bay? (tanpri koche yon kaz)
- Kosmetoloji (Estil nan cheve ak koup cheve, pwodui chimik, kolorasyon, elatriye)
  - Estetik
  - Zong
  - Estil nan Cheve Natirèl
  - Listraj

6. Mwen posede biznis sa a epi mwen te depoze Sètifika Non Komèsyal la nan Biwo Grefye Konte kote biznis lan ye. **Depi ou siyen aplikasyon sa a, ou konfime ou satisfè kondisyon sa a.**  WI  NON

7. Mwen se yon manm patenarya sa a epi mwen te depoze Sètifika Patenarya a nan Biwo Grefye Konte kote biznis lan ye. **Depi ou siyen aplikasyon sa a, ou konfime ou satisfè kondisyon sa a.**  WI  NON

8. Mwen se yon patnè sosyete kòmandit epi mwen te depoze Sètifika Sosyete Kòmandit la nan Depatman-Deta Eta New York, Divizyon Sosyete yo. **Depi ou siyen aplikasyon sa a, ou konfime ou satisfè kondisyon sa a.**  WI  NON

9. a. Mwen se yon fonksyonè sosyete sa a epi mwen te depoze Sètifika Eta New York Sosyete a nan Depatman-Deta Eta New York, Divizyon Sosyete yo. **Depi ou siyen aplikasyon sa a, ou konfime ou satisfè kondisyon sa a.**  WI  NON

- b. Mwen se yon fonksyonè sosyete etranje (deyò eta a) sa a epi mwen te depoze yon Aplikasyon pou Otorizasyon pou fè biznis nan Depatman-Deta Eta New York, Divizyon Sosyete yo. **Depi ou siyen aplikasyon sa a, ou konfime ou satisfè kondisyon sa a.**  WI  NON

10. Mwen se yon (manm) (manadjè) Sosyete Anonim sa a, epi mwen te depoze yon kopi resi depo a nan Depatman-Deta Eta New York, Divizyon Sosyete yo. **Depi ou siyen aplikasyon sa a, ou konfime ou satisfè kondisyon sa a.**  WI  NON

## MOUN KI APLIKE KÒM LOKATÈ ESPAS SÈLMAN DWE REPONN KESYON 11 ak 12

11. Kisa Nimewo ID Inik Lisans\* operatè ou ye? UID # \_\_\_\_\_

12. Kisa Nimewo ID Inik Lisans\* biznis kote ou pral lwe espas la ye? UID # \_\_\_\_\_

\*W ap jwenn Nimewo ID Inik [Unique ID Number (UID)] Lisans lan nan kwen anlè agoch sètifika lisans lan.

---

# Aplikasyon pou Biznis Amelyorasyon Aparans oswa pou Lokatè Espas

---

- ➔ Si w ap aplike kòm yon **patikilye** oubyen **sèl grenn pwopriyetè** ranpli atik 1 ak 3 anba.
- ➔ Si w ap aplike kòm yon **sosyete**, **patenarya** oswa **konpayi ak responsablite limite**, sote atik 1 an, ale dirèkteman nan atik 3.
- ➔ Si w ap aplike kòm yon **lokate espas**, ranpli atik 1, 2 ak 3 anba.

---

## 1. Deklarasyon lajan pou sipò timoun

**Depi mwen siyen aplikasyon sa a**, mwen konfime apati dat ki nan aplikasyon sa a, mwen pa genyen yon obligasyon pou peye sipò timoun **OSWA** si mwen genyen yon obligasyon pou peye sipò timoun, mwen pa genyen reta kat (4) mwa oswa plis mwa aryere nan peman sipò timoun, oswa m ap fè peman avèk egzekisyon sou revni oswa dapre plan peman oswa plan re-peman tribinal egzije oswa dapre plan toulède moun ki konsène yo dakò oswa obligasyon mwen pou peye sipò timoun ka depann de yon pwosedi tribinal ki annatant, oswa m ap resevwa èd piblik oswa revni sekirite siplemantè (supplemental security income, SSI).

---

## 2. Konfimasyon Lokatè Espas — Si w ap aplike kòm yon lokatè espas, pwopriyetè biznis lan dwe reponn atik 3 ki anba la a.

Mwen konfime mwen li epi konprann dispozisyon atik 27 Lwa Jeneral sou Biznis (Article 27 of the General Business Law) ak règ ak règleman yo pibliye an akò avèk (19 NYCRR). Mwen konfime, anba menas sanksyon pou fo temwayaj, enfòmasyon mwen bay yo se enfòmasyon ki vrè dapre tout sa mwen konnen. Mwen rekonèt si mwen fè nenpòt erè enpòtan sa ka lakòz yo anile oswa sispann lisans lan, si yo ban mwen li.

Siyati Lokatè Espas la \_\_\_\_\_ Dat la \_\_\_\_\_

Ekri non an lèt  
detache \_\_\_\_\_

---

## 3. Konfimasyon Pwopriyetè Biznis — Siyati pwopriyetè biznis lan obligatwa anba la a si ou swa ap lwe yon espas ba yon moun OSWA si w ap aplike pou yon lisans biznis.

Mwen konfime mwen li epi konprann dispozisyon atik 27 Lwa Jeneral sou Biznis ak règ ak règleman yo pibliye annapre a (19 NYCRR). Answit, mwen konfime mwen gen Asirans Konpansasyon Travayè/Avantaj pou Andikap, pou tout anplwaye yo, si sa obligatwa. Mwen konfime, anba menas sanksyon pou fo temwayaj, enfòmasyon mwen bay yo se enfòmasyon ki vrè dapre tout sa mwen konnen. Mwen rekonèt si mwen fè nenpòt erè enpòtan sa ka lakòz yo anile oswa sispann lisans lan, si yo ban mwen li.

**AFIMASYON FOUNISÈ SÈVIS ESPESYAL POU ZONG** – Si w se pwopriyetè biznis la epi ap bay sèvis espesyal pou zong, tanpri li afimasyon ki anba la a ak anpil atansyon.

Anplis de sa ki ekri pi wo a, mwen afime ke mwen konnen egzijans vantilasyon yo ki nan seksyon 160.16 la ki gen ladan li egzijans pou gen yon kote pou lafimen soti nan chak estasyon kote yo fè men ak pye.

Siyati Pwopriyetè Biznis lan \_\_\_\_\_ Dat la \_\_\_\_\_

Ekri non an lèt detache \_\_\_\_\_

Nimewo Telefòn Pwopriyetè Biznis la \_\_\_\_\_

Adrès Imèl Pwopriyetè Biznis la \_\_\_\_\_

---

**Tanpri sonje pou mete avèk aplikasyon nenpòt eksplikasyon oswa deklarasyon obligatwa ansanm avèk frè aplikasyon ou (peyab sou non NYS Department of State).**

Si ou vle peye avèk kat kredi, tanpri ale sou sitwèb nou nan [www.dos.ny.gov](http://www.dos.ny.gov) pou jwenn yon fòm otorizasyon pou kat kredi pou ranpli ak retounen ansanm avèk aplikasyon sa a. Li enpòtan pou fè divizyon an konnen nenpòt lè ou chanje adrès biznis ou ak nan adrès imèl ou pou ou kapab resevwa avi renouvèlman yo ak lòt notifikasyon ki gen pou wè ak lisans ou.